



# Somerville Public Schools

Education · Inspiration · Excellence

## Special Education Department

8 Bonair Street Somerville, MA 02145

617-625-6600

20 Septanb 2021

Chè Fanmi yo,

M kontan ekri nou jodia nan moman nap selebre rantre lekòl la a tan plen pou ane lekòl 2021/2022 a. Nou te trèzokipe nan aktivite nou te gen pou n fè nan premye semèn yo men nou byen konmanse. M espere nou te gen chans pase kèk tan ak fanmi e zanmi nou e pwofite bèl tan ak jou yo ki pi long kounya nan sezon lete a. Nan sezon lete a, nou te okipe anpil nan òganize bagay yo yon lòt jan, pran lòt moun pou travay nan lekòl la, e prepare yon lòt bèl ane lekòl. Nou gen yon bann edikatè bò kote nou ki devwe nan travay y ap fè pou tout elèv yo reyisi, sa se yon bagay ekstraòdinè.

Nou kontan fè w konnen nou rive fè kèk chanjman administrative pou nou ka satisfè bezwen elèv nou yo pi byen. **Will Verbits** aksepte vin travay ak nou kòm nouvo Direktè Adjwen pou Sèvis ak Sipò nan departman Edikasyon Espesyal la. **Marissa MacDonald** pran tèt nouvo pòs Direktè Adjwen pou Enstriksyon ak Pwogramasyon nan departman Edikasyon Espesyal la. Nou anplwaye tou yon Chèf (oswa Direktè) pou Edikasyon Espesyal la kap gen Healey ak West Somerville Neighborhood School; li rele **Ashley Pennell**. Chak nouvo administratè sa yo vin jwenn nou ak anpil eksperyans nan edikasyon piblik. Nou kontan anpil pou diferant kalte eksperyans, pasyon ak konesans yo pote pou Somerville. Nou ka remake tou tit mwen gen diplis ladan l: Direktè Edikasyon Espesyal, Swen Enfimye, ak Sèvis Sante. Apati jou kite premye jiyè a, nou kontan resevwa nan Somerville Public Schools Enfimye yo ki soti nan Departman sante piblik meri (oswa minisipalite) a. Se te yon tranzisyon nou tap tann lontan – yon tranzisyon ki pral sipòte pi byen e ranfòse tout sèvis ki la pou ede elèv nou yo.

Pou ane lekòl sa, nou kòmanse kèk bagay ki pral ajoute nan inisyativ ak pwogram nou yo. Nan objektif kenbe atansyon nou sou montre timoun yo li ak ekri e travay nap knotinye ak Melissa Orkin kap travay nan konpayi Fòmè Lespri (Crafting Minds) nou kreye yon nouvo pòs nou rele Espesyalis Alfabetizasyon nan Edikasyon espesyal pou nou ka sipòte pi byen toujou edikatè espesyal yo. Nou kontan **Siobhan Healey** aksepte okipe nouvo pòs sa a nan lekòl la. Sou direksyon Marissa MacDonald, ekip fòmasyon an deja rankontre Melissa Orkin pou yo planifye kijan yo ka striktire rutin alfabetizasyon an; yo panse konbine devlopman pwofesyonèl ak èd ak konsèy (coaching).

Pwogram ki la pou motive, entegre, ak ede elèv ki gen otis yo adapte yo a ap vin pi gran chak jou. Akòz bezwen elèv yo genyen nou ajoute yon sal kindègaden e nou pote chanjman nan yon sal ECIP nan Capuano School pou nou ka satisfè bezwen elèv ki nan pwogram nan nan nivo Kindègaden ak nivo pre-kindègaden. Nou ovri tou yon lòt klas premyè/dezyèm ane nan Winter Hill Community Innovation School. Nouvo klas sa yo nou ajoute a te oblije n anplwaye yon Analis Konpòtman anplis ki sètifye nan tèt Capuano/WHCIS ak yon Patolojis anplis nan Pwogram AIM nan. Toulède ap travay nan Capuano ak WHCIS.

Pou nou sipòte elèv Edikasyon espesyal nou yo nan Somerville Public Schools ki patisipe nan pwogram Karyè ak Edikasyon Teknik (CTE nan lang Angle a) e pou nou asire nou tout moun ka patisipe, nou ajoute pòs

**Christine Trevisone**, *Director of Special Education and Nurse & Health Services*  
**Marisa MacDonald**, *Assistant Director of Special Education, Instruction & Programming*  
**Will Verbits**, *Assistant Director of Special Education, Services & Support*

[ctrevisone@k12.somerville.ma.us](mailto:ctrevisone@k12.somerville.ma.us)  
[mmacdonald2@k12.somerville.ma.us](mailto:mmacdonald2@k12.somerville.ma.us)  
[wverbits@k12.somerville.ma.us](mailto:wverbits@k12.somerville.ma.us)



# Somerville Public Schools

Education · Inspiration · Excellence

## Special Education Department

8 Bonair Street Somerville, MA 02145

617-625-6600

Espesyalis Tranzisyon CTE, kidonk se yon pòs anplis nan ekip edikasyon espesyal Somerville High School la. Nou enplaje tou 3 mèt ki afekte nan sal espesyal kote yo bay timoun yo èd (resource classroom) pou nou ka sipòte ak fè fas ak sèvis espesyal timoun yo te bezwen akòs lekòl la ki te fèmen akòz de epidemi Covid la. Gen de patolojis Diskou ak Langaj anplis ki vin ogmante ekip nou an pou yo ka fè fas ak sèvis say o ki vin pi plis.

Sou sit Edikasyon espesyal nan Somerville Public Schools nou an, nap poste yon lyen (link) kap fè nou jwenn yon lèt Russell Johnston, Senior Associate Commissioner Edikasyon elemantè ak segondè nan leta Massachusetts la ekri paran/moun respopnsab-la; lèt sa pale sou nesosite ki genyen pou ekip IEP pitit ou a diskite sèvis espesyal nou site piwo yo. Nou espere resevwa tout dokiman tradiktè nou yo tradui yo nan kèk semèn konsa. Annatandan, anpil nan ekip yo gentan rankontre ak paran ak moun responsab la pou diskite kèk sèvis espesyal pitit ou a ka bezwen. Nou kontinye evalye progrè elèv yo e nap kolekte done pou nou asire nou tout elèv nou yo reyisi.

Depi fanmi/moun reponsab-la pa fè demand reyinyon fas a fas, tout reyinyon IEP yo ap fèt pa entènèt pou ane lekòl 2021/2022 a. Nap fè tout sa n kapab pou n pwoteje tout moun nan kominote nou an. E nou rann nou kont reyinyon pa entènèt yo bon pou tout moun. Si ou vle yon reyinyon fas a fas, nap fè tout efò nou pou fè reyinyon an nan yon espas pwòp e nap egzije respè tout pwotokòl ki la pou pwoteje moun yo tankou mete mask ak kenbe de pa distans nan tout lokal lekòl nou yo.

Annakò ak lwa federal edikasyon espesyal ki rele IDEA 2004 la, distri skolè yo dwe voye ba paran yo Avi sou Pwosedi Pwoteksyon yo bay paran ki gen elèv nan edikasyon espesyal la yn fwa pa ane. Jan ou konnen l lan, nou distribye kopi dokiman sa nan reyinyon IEP e nou voye kopi bay paran chak fwa nou pwopoze yon IEP. Ou ka jwenn yon kopi Avi sou Pwosedi Pwoteksyon yo tou sou sit nou an. Tanpri pa ezite kontakte nou si w ta renmen nou voye yon kopi ba ou. Kèlkeswa kesyon ou genyen sous sa ki nan Pwoteksyon say o, tanpri kontakte Direktè/Fasilitatè nan Edikasyon espesyal ou bezwen an. Ou ka jwenn lis Direktè/Fasilitatè nou yo sou sit nou an.

Konsèy Paran Edikasyon Espesyal Somerville la se yon resous enpòtan ak yon paten pou anpil fanmi nan Somerville ak disri e depatman Edikasyon espesyal la; se pa mwayen sa lekòl la ak fanmi yo rete konekte.. Nou envite w chache jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy sa, resous ak workshop oswa atelye travay yo bay pandan tout ane; pou w fè sa, vizite sit yo a ([www.somerville.k12.ma.us/ssepac](http://www.somerville.k12.ma.us/ssepac)).

M espere tout bagay ap pase byen nan ane lekòl sa; m espere kolabore ak paran ak tout moun kap travay ak nou yo pandan nap eseye wè kouman nou kaa reyisi objektif nou tout genyen an: ki se yon ane lekòl pozitif ak rezilta pou tout elèv. Nou swete yon ane lekòl ak anpil enspirasyon ak siksè

Kòdyalman,

Christine Trevisone

Direktè Edikasyon Espesyal, Swen Enfimye, ak Sèvis Sante Somerville Public Schools

**Christine Trevisone**, *Director of Special Education and Nurse & Health Services*  
**Marisa MacDonald**, *Assistant Director of Special Education, Instruction & Programming*  
**Will Verbits**, *Assistant Director of Special Education, Services & Support*

[ctrevisone@k12.somerville.ma.us](mailto:ctrevisone@k12.somerville.ma.us)  
[mmacdonald2@k12.somerville.ma.us](mailto:mmacdonald2@k12.somerville.ma.us)  
[wverbits@k12.somerville.ma.us](mailto:wverbits@k12.somerville.ma.us)



# Somerville Public Schools

Education · Inspiration · Excellence

---

## Special Education Department

8 Bonair Street Somerville, MA 02145

617-625-6600

---

**Christine Trevisone**, *Director of Special Education and Nurse & Health Services*  
**Marisa MacDonald**, *Assistant Director of Special Education, Instruction & Programming*  
**Will Verbits**, *Assistant Director of Special Education, Services & Support*

[ctrevisone@k12.somerville.ma.us](mailto:ctrevisone@k12.somerville.ma.us)  
[mmacdonald2@k12.somerville.ma.us](mailto:mmacdonald2@k12.somerville.ma.us)  
[wverbits@k12.somerville.ma.us](mailto:wverbits@k12.somerville.ma.us)